

PANGAJARAN NULIS PUISI DUMASAR KANA DIKSI, IMAJI, SARENG GAYA BASA NGAGUNAKEUN METODE SUGESTI-IMAJINASI KANGGO NINGKATKEUN HASIL DIAJAR SARENG KARAKTER NASIONALISME SISWA KELAS X SMA PASUNDAN 2 BANDUNG TAUN AJARAN 2017/2018

KU

**ALIFIA NURUL HAYATI
NIM 145030135**

ABSTRAK

Nulis puisi mangrupa pagawean ngungkabkeun pikir jeung rasa ngaliwatan tulisan anu endah. Méthode Sugesti-Imajinasi mangrupa métode nu dipaké pikeun ngarangsang imaji siswa, kucara ngabandungan lagu nu luyu jeung kaayaan diri pribadi siswa. Méthode Sugesti-Imajinasi ngajadikeun peran guru salaku fasilitator pikeun ngahontal pangajaran. Panalungtik boga karep ngangkat judul skripsi “Pembelajaran Menulis Puisi Berorientasi pada Diksi, Imaji, dan Gaya Bahasa Menggunakan Metode Sugesti-Imajinasi untuk Meningkatkan Hasil Belajar dan Karakter Nasionalisme pada Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung Tahun Pelajaran 2017/2018.” Méthode panalungtikan nu dipaké nyaéta Mixed Method Convergent Parallel, nu diwangun ku kelas eksperimen jeung kelas kontrol. Anapon hasil tina panalungtikan ieu, nyaéta: 1) Panalungtik mampuh ngarancang, ngajalankeun, jeung nganilai hasil pangajaran nulis puisi dumasar kana diksi, imaji, jeung gaya basa ngagunakeun métode Sugesti-Imajinasi. Dibuktian ku hasil nu dihontal dina RPP nyaéta 4,00 jeung hasil nu dihontal dina pangajaran nyaéta 3,39. 2) Siswa miboga kamampuh pikeun nulis puisi nu museur kana diksi, imaji, jeung gaya basa. Dibuktian ku peunteun rata-rata pretés nyaéta 36,9 jeung postés nyaéta 88,1. 3) Méthode Sugesti-Imajinasi leuwih éféktif digunakeun tibatan métode experiential learning. Hal ieu dibuktian ku hasil nu disangking tina kelas eksperimen nyaéta 13,84 jeung kelas kontrol nyaéta 13,50. 4) Hasil diajar siswa di kelas eksperimen leuwih punjul tibatan kelas kontrol. Hal ieu kabuktian ku hasil nu dihontal tina pretés nyaéta 36,9 jeung postés nyaéta 88,1, miboga babandingan nilai 51,2. Sedengkeun hasil tina kelas kontrol nyaéta 36,5 tina hasil pretés, jeung hasil postésna nyaéta 81,8, miboga babandingan 44,5. 5) Méthode Sugesti-Imajinasi leuwih efektif digunakeun pikeun nganingkatkan karakter nasionalisme dibandingkeun jeung métode experiential learning. Hal ieu dibuktian ku ningkatna sikep tanggung jawab di kelas eksperimen. Dumasar kana sikep nu ditunjulkeun ku 4 siswa, ningkat jadi 27 siswa, sedengkeun dumasar tina diksi nyaéta 5 siswa, ningkat jadi 28 siswa. Sedengkeun di kelas kontrol, dumasar kana sikep nu ditunjulkeun ku 4 siswa, ningkat jadi 22 siswa, lian ti kitu, dumasar diksi tina 4 siswa ningkat jadi 22 siswa. Hasil ieu nunjukkeun bedana paningkatan karakter nasionalisme di kelas eksperimen leuwih luhur tibatan di kelas kontrol.

Kecap Konci: Nulis, puisi, diksi, imaji, gaya basa, metode Sugesti-Imajinasi.